

9 septanm 2016

Chè Paran,

Florida Department of Education pibliye yon fich rapò anyèl sou pwogrè distri nou an ak lekòl yo, an menm tan tou Rapò sou Responsabilite Lekòl Piblik (SPAR) (School Public Accountability Report (SPAR)) lan.

Rezilta nan lekòl se yon fason konpreyansib e fasil ki pèmèt mezire pèfòmans yon lekòl. Ou kapab itilize eleman li yo pou konprann nan ki nivo lekòl timoun ou an ap bay elèv li yo sèvis. Rezilta lekòl la pou ane 2015-16 la gen eleman sa yo ladann:


- Akonplisman – Pousantaj elèv ki enskri sou tout lane a ki rive atenn mwayèn yo nan evalyasyon ofisyèl eta a (Angle, Matematik, Syans ak Syans Sosyal)
- Konpetans Akeri (learning gain) - Pousantaj elèv ki enskri sou tout lane a ki rive atenn yon seri konpetans (learning gain) apati ane anvan rive ane aktyèl sa nan evalyasyon ofisyèl eta a.
- Pwogram Akselerasyon Premye Sik Segondè (Middle School Acceleration) – Pousantaj elèv kalifye ki pase yon evalyasyon Fen Etid (EOC) (End of Course (EOC)) nan nivo segondè oswa sètifikasyon endistri (industry certification) an.
- Kantite Diplome – Pousantaj elèv 9yèm ane ki diplome sou kat lane yo avèk yon diplòm lekòl segondè.
- Pwogram Akselerasyon pou Kolèj ak Karyè (College and Career Acceleration) – pousantaj diplome nan pwopòsyon diplome yo ki fè pwen nan yon egzamen akselerasyon (AP, IB, oswa AICE), yon klas nan kou enskripsyon doub ki bay kalifikasyon pou kredi nan kolèj oswa ki genyen yon sètifikasyon endistri (industry certification).

SPAR la gen enfòmasyon sou:

- Konpozisyon Popilasyon Elèv la
- Pousantaj ki Gradye ak Pousantaj ki Abandone
- Rezilta Evalyasyon Elèv yo (FSA, EOC, ak FAA) Lekti, Matematik ak Syans
- Evalyasyon Nasyonal sou Pwogrè nan Edikasyon (NAEP) (National Assessment of Education Progress (NAEP)) nan nivo eta a
- Kalifikasyon Pwofesyonèl Pwofesè yo
- Pwofesè dapre Nivo Diplòm Pwofesyonèl
- Klas Anseye pa Pwofesè kap Anseye Nan Domèn yo/Pa Nan Domèn yo
- Klas Anseye pa Pwofesè Trè Kalifye
- Kalite Pèfòmans Lekòl
- Konpetans Akeri pou pi piti 25% nan Lekti ak Matematik

Enfòmasyon disponib sou <http://schoolgrades.fldoe.org/>, ak <http://doeweb-prd.doe.state.fl.us/eds/nclb spar/index.cfm> oswa ou kapab kontakte Stacia Smith nan ssmith@fau.edu pou mande yon kopi rapò a.

Sensèman,


Sherry Bees
Direktè